



For highlighted text, districts and schools should fill in the appropriate information or choose the correct option.

Fòmilè pou elèv enskri nan pwogram tès antijèn lakay la

- Nou vrèman ankouraje ni moun ki vaksinen, ni moun ki pa vaksinen pou yo enskri.

Enfòmasyon Pèsonèl:

Enfòmasyon sou Paran/Responsab la	
Paran/Responsab Ekri Non an ak lèt detache:	
Paran/Responsab Adrès Imèl:	
Enfòmasyon sou Elèv la	
Ekri Non Elèv la ak Lèt Detache:	
Klas Elèv la:	
Non Lekòl Elèv la:	
Enskripsiyon	<input type="checkbox"/> Wi , mwen enskri elèv mwen pou l ka patisipe nan pwogram tès antijèn lakay la (<i>tanpri, li e siyen fòmilè ki pi ba a</i>) <input type="checkbox"/> Non , mwen pa enskri elèv mwen pou l patisipe nan pwogram tès antijèn lakay la (<i>Ou pa bezwen fè anyen ankò</i>)

Detay sou Enskripsiyon an:

Lefètke mwen ranpli e remèt fòmilè sa a, mwen konfime se mwen menm ki paran an, responsab la, oswa moun ki otorize legalman pou l enskri l nan pwogram tès antijèn lakay la:

- Enskripsiyon: Mwen konprann distri lekòl la pral bay sèlman elèv ak anplwaye ki enskri yo tès antijèn lakay, kit yo vaksinen, kit yo pa vaksinen.
- Fòmasyon: Mwen konprann distri lekòl mwen pral ba m fòmasyon sou ki jan pou fè tès antijèn lakay la, sa gen ladan l enstriksyon sou ki lè pou n fè tès yo. Mwen dakò pou m suiv fòmasyon sa a anvan m bay pitit mwen fè tès.
- Distribisyon tès: Mwen konprann y ap bay elèv tès pou yo fè lakay yo chak 2 semèn. Mwen konprann chak pake tès gen ladan l 2 grenn tès, epi m pral bay elèv mwen fè tès la chak [jou lasemèn].
- Fè konnen rezulta tès: Mwen konprann si elèv mwen fè yon tès ki pozitif, mwen pral fè lekòl elèv mwen konnen li te fè yon tès ki pozitif ak medsen m. Mwen konprann lekòl la pral kenbe nenpòt rezulta mwen rapòte yo konfidansyèl epi yo pap bibliye rezulta tès endividiyèl.
- Patisipasyon volontè: Mwen konprann se yon bagay ki opsyonèl pou m enskri nan pwogram tès antijèn lakay la epi mwen ka chwazi pa patisipe nenpòt ki lè. Pou m retire tèt mwen nan enskripsiyon nan pwogram tès antijèn lakay la, mwen bezwen kontakte [XX].

Yo te enfòme mwen menm, moun ki siyen pi ba a, konsènan pwogram tès antijèn lakay la e konsènan pwosesis la, epi mwen te jwenn yon kopi fòmilè enskripsiyon sa a. Yo te ba m okazyon pou m poze

kesyon anvan m siyen l, epi yo te di m mwen ka poze lòt kesyon nenpòt ki lè. Mwen chwazi enskri volontèman nan pwogram sa a pou elèv mwen an:

Siyati paran/responsab la: _____

Dat: _____